

MÈSI DÈSKE W PRAN TAN POU W LI DOKIMAN EPI SIYEN LI.

» KISA NOU YE

Medsen San Fwontyè se yon òganizasyon entènasyonal endependan ki bay swen sante. Nou bay asistans medikal ak popilasyon kote katastwòf natirèl, lagè epidemi oubyen manke swen menase lavi moun yo. Nan tout sa nap fè, nou toujou respekte etik medikal, nou pa nan patipri epi nou endependany.



» POUKISA

Nou sèvi ak foto epi temwanyaj pou nou montre move kondisyon lavi moun kote nap travay yo ak sa nap fè. Sa pèmèt ak moun ki vle pote sipò lajan oubyen montre sa sap fè, konsa nap ka ede malad nou yo epi kominote kote nap travay yo.



» KISA

Nou swete dokimante istwa w ak teks, foto oubyen anrejistreman vwa. Ou pap touche pou sa epi sa nou pral fè ak iswta pa pou ou. Istwa pa w la ka gen ladan enfòmasyon sansib oubyen ki prive, poutèt sa, ou ka di nou tout enfòmasyon ke ou pa swete pataje tankou (non w laj ou, kete w rete).



» KI KOTE

Istwa ou rakonte nou yo kapab pibliye nan plizyè peyi, menm nan peyi kote wap viv la. Nou ka twadwi yo nan yon lòt lang. Nou ka itilize foto w, video w ak sa w rakonte nou sou entènèt, nan televizyon oubyen sou tout materyèl pou nou chache lajan tout kote nan mond lan.



» SI OU CHANJE DESIZYON

Nou konprann sa ka rive ou vin chanje desizyon. Si sa ta rive, ou kapab kontakte nou nenpòt kilè si ou pa swete istwa w la pataje ankò oubyen si ou gen kesyon oubyen reklamasyon sou jan nou te itilize istwa w la.

- Kontakte nou nan dataprotection.I0@msf.org
- Kontakte buwo MSF ki nan peyi kote wap viv la.

Si ou enfòme nou ou pa dakè ankò pou nou itilize enfòmasyon w te ban nou yo nan lòt komunikasyon nou pral fè. Nou pap kabap retire imaj nou te pibliye deja yo. Men nap retire imaj sa yo nan achiv nou. Ou gen dwa pou egzijé aksè ak istwa w epi chanje sa ki ladan li.

» KÒMAN

Pou nou kapab ede moun, nou travay ak gouvènman, medya yo, ONG epi gran piblik la tou. Nou ka pataje istwa w la avèk lòt òganizasyon nou travay avèk yo, lòt biwo MSF, lòt ONG, patnè nou yo epi moun ki ban nou sipò.



Tout pati sa yo kapab itilize istwa w pou yo montre travay nou, kolaborasyon yo ak nou oubyen sou tout sa nou travay sou yo. Yo kapay itilize yo nan metryèl komunikasyon yo oubyen nan tout sa yap pibliye.

» KILÈ

Si yo te pran foto w, fotograf la kapab itilize foto sa pandan 5 lane nan tout mond lan, tankou sou entènèt, nan televisyon ak nan laprès. Si fotograf la vle itilize foto w pou yon lòt bagay, li dwe mande MSF otorizasyon. MSF ap toujou nan enterè w, li pap janm bay otorizasyon pou itilize foto w nan lide pou fè lajan sou tèt ou.



Nan (MSF) li pa fasil pou nou itilize yon istwa plis pase 5 lane, men nou swete konsèvè enfòsyon yo nan achiv nou. Si sa ta rive, nou itilize yo apre 5 lane se nan sikonstans espesyal tankou yon anivèsè. Nan ka sa, nou kapab sèvi ak istwa w la. Si ou dakò pou nou sèvi ak istwa w apre 5 lane, ou kapab di nou sa nan espas ki la pou sa nan fòmilè a anba.

Mèsi paske w te aksepte **Medsen San Fwontyè (MSF)** anrejistre istwa w oubyen pran foto w (oubyen foto pitit ou).

» MEN KÈK EGZANP SOU KÒMAN YO ITILIZE FOTO



Photo © Niam Ngai

» KESYON YO POZE SOUVAN

Kisa sa vle di yon enfòmasyon sansib oubyen ki prive?

Si sa w rakonte a genyen ladan yon bagay ki pou wè ak: Opinyon politik ou, ki koulè po w, reliyon w , si w nan yon sendika, eta sante w, lavi w oubyen oryatsyon seksyèl ou, siw tekonn fè krim oubyen akize de krim.

Gen lòt kalite enfòmasyon ke nou kapab konsidere tankou enfòmasyon sansib oubyen prive, tankou move eksperyans pèsonèl ki te fe w soufri oubyen yon namn fanmi w.

Eske w kappab ban nou detay sou lòt moun oubyen lòt òganizasyon ke w pataje istwa mwen ak yo?

Nou kapab pataje istwa w avèk :

- ONG ak lòt òganizasyon ki kolabore avèk nou nan pwogram nou yo.
- Moun ki ede nou nan aktivite nou yo. Tankou enstitisyon yo, antrepriz yo ak gwoup moun ki sipòte nou.
- Medya ki pale de travay nou oubyen ki pale sou sijè nou travay sou yo. Ladan yo genyen jounal, magazin, televizyon ak radyo.
- Fotograf oubyen moun ki konn fè fim ak antrepriz ki reprezante moun sa yo.

Kòman nou pwoteje enfòmasyon nou yo?

Enfòmasyon nou kolekte yo, nou konsève yo an sekirite nan achiv nou ke buwo entènasyonal MSF ap jere. Nou

Non konplè/ patisipan an (grammoun/ Moun ki responsab li)

Laj

Non konplè/ moun ki patisipe a (Timoun)

Laj

Telefòn / Imel / Adrès

Se
ki te pran Istwa pa w la ak foto w (oubyen foto pitit ou a)

Si ou genyen kesyon oubyen si ou pa dakò ankò, ou ka kontakte buwo MSF ki nan zòn ou:

Ou ka voye yon mesaj sou entenèt nan adrès sa: dataprotection.I0@geneva.msf.org

Pou plis enfòmasyon sou kijan nou kolekte istwa, sèvi ak pwoteje done w yo, ou li tout règleman nou genyen sou lavi prive:
<https://www.msf.org/privacy-policy>

Non moun ki kolekte enfòmasyon yo

Dat

konsève enfòmasyon yo avèk anpil swen epi an sekirite.

Nan ki okasyon nou kapab itilize oubyen sèvi ak istwa w yon fwa ke sa gen plis pase 5 lane?

- Pou pale de istwa Medesen San Fwontyè.
- Pou retounen sou jan la vi w ap evolye depi lè nou te rankontre w premye fwa, yon fason pou nou kapab montre kijan travay MSF la gen bon konsekans pandan lontan.

Si ou vle genyen yon entèprèt, li kapab eksplike w pi byen fòmilè sa ak chak moun kap siyen li pou kapab pèmèt yo byen konprann li.

Sa pou entèprèt la ranpli:

Eksplike nan (lang) :

Dat

ki moun (Non entèprètr la):

Mwen dakò pou MSF sèvi ak istwa mwen an epi mwen konprann ke istwa istwa m nan kapab genyen ladan li enfòmasyon ki sansib oubyen ki prive.

Sinyati pou grammoun

Dat

Sinyati pou timoun) (optionel)

Dat

- Mwen se paran oubyen responsab legal, mwen bay akò mwen pou non timoun mwen an oubyen timoun mwen yo ki sou responsabilite mwen.
- Mwen dakò pou enfòmasyon sa yo ki konsène timoun mwen yo ka konsève nan baz done MSF pandan 5 lane.

Moun ki la pou pwodwi kontni pou MSF (Anpwaye oubyen kontraktyèl)).

Tout moun ki gen pou kolekte enfòmasyon dwe li avè atansyon tout kondisyon MSF yo pou pran imaj , vidyeo ak vwa moun avan moun nan dakò.

- Mwen te li, konprann epi aksepte kondisyon yo.
- Istwa sa li plizye fwa pou moun ki te aksepte yo pran istwa li a epi dakò aprè yo te vin pran istwa a.

Mèsi deske w bay chak moun ki te siyen fòmilè konsantman sa yon kopi.

Kote

Ki pwojè